WIKIPÉDIA

Basa Inggris

Basa Inggris iku basa Jermanik Kulon, sing asalé saka Inggris. Basa ini sawijining kombinasi saka pirang basa lokal sing ditrapaké déning wong-wong Nurwègen, Dhénemarken, Saxon lan Angel saka abad kaping 6 nganti 10. Banjur ing taun 1066, Inggris dibedhah déning *William the Conqueror*, sang panakluk saka Normandia, Prancis Lor. Mula sabanjuré basa Inggris kena prabawa intènsif basa Latin lan basa Prancis. Saka kabèh kosakata basa Inggris modhèren, diperkirakaké kurangluwih 50 % asalé saka basa Prancis lan Latin.

Basa Inggris	
	English
Asal	Karajan Manunggal, AS, Kanada, Ostrali lan liyané
Laladan	Kebanyakan Éropah Kulon, Amérika Lor lan Australasia
Panyatur asli	Panutur asli: 402 yuta Dadi basa kaping loro: sakiwa-tengené 600 yuta (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Indo-Éropah Jermanik Kulon **Inggris**
Status resmi	
Basa resmi ing	*delengen ing ngisor*
Diatur déning	ora ana
Kodhe basa	
ISO 639-1	en
ISO 639-2	eng
ISO 639-3	–

EN (ISO 639-1)

Isi

Sajarah Basa Inggris
Basa – basa kerabat
Status Basa
Uga pirsanana
Pranala njaba

Sajarah Basa Inggris

Perkembangan basa Inggris lumrahé dibagi dadi telung mangsa:

- Basa Inggris Kuna utawa basa Anglo-Saxon, 700 – 1066
- Basa Inggris Tengahan, antara 1066 – 1500
- Basa Inggris Anyar, wiwit abad kaping 16

Basa – basa kerabat

Basa Inggris kagolong kulawarga basa Jermanik, lan mligi saka cabang Jermanik Wétan. Kerabaté sing paling cedhak iku basa Frisia. Saliyané iku basa Walanda (lan uga basa Jerman ngisor liyané) uga isih cedhak. Basa Jerman (Basa Jerman dhuwur) rada luwih adoh manèh.

Anging saka kabèh basa Jermanik, basa Inggris iku basa sing liya dhéwé tatabasa lan kosakatané.

Status Basa

Basa Inggris iku basa pratama ing Amérikah Sarékat, Australia, Bahama, Barbados, Bermuda, Karajan Manunggal, Guyana, Jamaika, Niu Selan, Antigua, Saint Kitts dan Nevis lan Trinidad lan Tobago.

Saliyané iku basa Inggris uga salah sijining Basa resmi ing akèh nagara liyané ing donya. Antara liya ing Afrika Kidul, Belize, Kanada, Filipina, Hong Kong, Irlandia, Singapura lan sabanjuré

Ing donya basa Inggris iku basa kaping loro sing pratama disinaoni. Basa Inggris bisa nyebar amarga déning prabawa pulitik lan imperialisme Inggris banjur Karajan Manunggal ing donya. Salah sijining paribasa Inggris jaman mbiyèn bab karajan Inggris sing diarani Kakaisaran Karajan Manunggal (*British Empire*) iku ya papan sing "Srengéngéné ora tau sumurup" ("*where the sun never sets*").

Uga pirsanana

- Sastra Inggris
- Sastra Inggris Kuna

Pranala njaba

- Re-Romanization of English (http://members.lycos.co.uk/rre/)
- More than 20000 English words recorded by a native speaker (http://itcansay.com)

Cithakan:Basa resmi Uni Éropah

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Inggris&action=edit).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Inggris&oldid=1486547"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 07.54, 12 Juli 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.